

Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



Konprann Pwen Enpòtan SSI: tchwòs



Kilè Iwa SSI sou tchwòs te chanje?

Depi mwa janvye 2000, Iwa SSI sou tchwòs te chanje. Enfòmasyon sa a aplike sou tchwòs ki etabli premye janvye 2000 oswa apre premye janvye 2000.

Kisa yon tchwòs ye?

Yon tchwòs se yon aranjman legal lalwa leta kontwole. Nan aranjman sa a, yon pati kenbe byen an pou benefis yon lòt pati. Nan sèten sitiayson, yon tchwòs ka etabli pou yon benefisyè SSI.

Yon tchwòs ka gen ladan:

- lajan kach oswa lòt byen likid; epi
- byen imobilye oswa byen pèsonèl ki ka vin lajan kach.

Kouman yon tchwòs afekte benefis SSI mwen?

Si w itilize byen ou pou etabli yon tchwòs nan dat premye janvye 2000 oswa apre premye janvye 2000, tchwòs la ap konsidere kòm resous ou pou SSI.

- Nan ka yon tchwòs **revokab** tout tchwòs la se resous ou.
- Nan ka yon tchwòs **ki pa revokab**, si gen nenpòt sikonstans kote peman an ka fèt pou ou oswa pou benefis ou, pòsyon tchwòs peman an ka fèt la se resous ou.

Gade dokiman Pwen Enpòtan SSI sou [Resous](#) pou plis enfòmasyon sou resous ak SSI.

Kisa ki konsidere kòm byen epi ki itilize pou etabli yon tchwòs?

Anjeneral byen yo gen ladan:

- [revni](#) (kontak ak sa ki dedwi);
- [resous](#) (kontak ak sa ki dedwi); epi
- byen oswa peman ou gen yon dwa pou jwenn men ou pa resevwa yo.

Èske gen yon eksepsyon nan Iwa sou tchwòs?

Lalwa pa aplike pou:

- tchwòs dapre [Seksyon 1917\(d\)\(4\)\(A\)](#) Lwa Sekirite Sosyal, ki rele souvan "tchwòs pou bezwen espesyal"; epi
- tchwòs dapre [Seksyon 1917\(d\)\(4\)\(C\)](#) Lwa Sekirite Sosyal, ki rele souvan "tchwòs pou bezwen espesyal"; epi

Nou p ap konsidere tchwòs la tou si l ap lakòz ou prejidis ki pa jistifye lè nou fè sa.



Sèten tchwòs revokab dapre Section 1917(d)(4)(A) or (C) Lwa Sekirite Sosyal ka toujou konsidere kòm resous ou.

Kouman lajan yon tchwòs ki pa resous mwen afekte benefis SSI mwen?

Lajan yo peye ou dirèkteman nan tchwòs la diminye benefis SSI ou.

Lajan yo peye yon moun dirèkteman pou ofri w manje oswa lojman ap diminye benefis SSI ou--men sèlman jiska yon sèten limit. Kèlkeswa kantite lajan ki depanse pou atik sa yo, pa plis pase \$232,33 (an 2008) ap retire nan chèk SSI ou pou mwa ou resevwa atik yo.

Lajan yo peye yon moun dirèkteman pou ofri ou atik ki diferan ak manje oswa lojman p ap diminye benefis SSI ou. (Atik ki pa "manje oswa lojman" gen ladan swen medikal, bòdwo telefòn, edikasyon, distraksyon, elatriye)

Kouman mwen ka chèche konnen fason pou mwen etabli yon tchwòs?

Nou pa ka di w kouman pou etabli yon tchwòs. Ou ka konsilte yon avoka oswa yon konseye finansye pou chèche konnen plis enfòmasyon sou tchwòs.

Biwo Sekirite Sosyal zòn ou gen yon lis gwoup ki ka jwenn yon avoka pou ou oswa ki ka ba ou sèvis legal gratis si w kalifye pou sa. Ou ka kontakte asosyasyon bawo avoka leta oswa nan zòn ou oswa Asosyasyon Sèvis Legal pou jwenn asistans legal si w kalifye pou sa.



Kèk tchwòs ak peman tchwòs nou pa konsidere kòm resous oswa revni ou pou bi SSI ka afekte elijiblite ou pou Medicaid.

Kontakte Eta kote w ap viv la si w bezwen plis enfòmasyon sou fason tchwòs ak peman tchwòs ka afekte elijiblite ou pou Medicaid.



Plis règ aplike sou tchwòs ki etabli anvan yon benefisyè reprezantan. Reprezantan ou rele biwo lokal Sekirite Sosyal pou plis enfòmasyon.